



Ibikorwa vyo gusobanura ku buntu

IMPINDUKA KU BIKORWA KUBERA COVID-19

Ikoreshwa ry'ugusobanura ni nkoramutima ku bantu batazi Ikingereza canke bavuga nabi ikingereza mu gihe ca COVID-19.

Abantu bategerezwa gukoresha ibikorwa vyo gusobanura aho hose biri.

Iga ivyerekeranye na **COVID-19 hamwe n'ibimenyetso vyayo**

Ibikorwa vyo gusobanura ku buntu ni ibiki?

Ibikorwa vyo gusobanura ku buntu birahari ku bantu, iyo:

- Uri muri Australia
- Ufise ikarata yo kwa muganga; kandi
- Ukaba utazi kuvuga Ikingereza neza

None noshikira gute ivyo bikorwa vyo gusobanurirwa ku buntu?

Aba bantu bakurikira barashobora kugushikirira ibikorwa vyo gusobanura ku buntu kubwawe:

- Abigenga b'abaganga
- Abakora mu maduka y'imiti
- Amashirahamwe adaharanira inyungu
- Abantu baserukira inyubako z'amazu kanaka
- Abategetsu ba Leta yo mu micungararo, nk'abagize inama mpanuzwajambo zo mu micungararo
- Amashirahamwe arwanira inyungu kanaka z'abakozi canke abandi bantu bahuriye ku buntu kanaka; n'
- abashingamateka.

Ku zindi nkuru zirengeye izi tubahaye kuri ivyo bikorwa ronderera ngaha, [here](#).

Abo bantu b'aho hejuru batanga ivyo bikorwa bashobora gukorana n'umuntu asobanura mu rundi rurimi kuri telephone mu kanya isase, kugira ngo bamenye neza ko waronse inkuru n'impanuro mu rurimi rwawe uzi neza.

Abasobanuzi

Igisata c'igihugu cemerewe gusobanura no gusigura (NAATI) baratanze uruhusha ku basobanuzi ni bo bakoreshe. Abasobanuzi bategerezwa gukoresha amategeko yemewe kandi n'ugukoresha akarangamutima kabasaba ibi bikurikira:

- gusobanura inkuru mu buryo bw'ukuri kandi burashe
- kugumya ibanga
- kutagira aho begamiye kandi bakaguma ku ntumbero; kandi
- bagakora mu buryo bunonosoye mu gihe cose.

Amategeko agenga ibikorwa vyo gusigura ku buntu akoresha abasiguzi babinonosoye bazwi kandi bavyemerewe n'amategeko. Gusaba umusiguzi kanaka ntitwobihanura kubera iyo mpamvu.

Ni ibikorwa ibihe bitangwa na FIS?

- Gusobanura ivyo uwundi ariko aravuga biciye kuri telefone. Ibi bikorwa ni ngirakamaro cane ku gusobanura kutateguwe kandi gutanga:
 - Gushikira abasobanuzi barenga 3,000 mu ndimi zirenga 160
 - Ibikorwa bijejwe gusobanura mu zindi ndimi amasaha 24 ku musi, imisi 7 mw'iyinga
 - Kugushira ku musobanuzi mu kanya isase ugihejeje guhamagara.
- Gusaba isango y'umusobanuzi asobanura kuri telefone.
 - Ni ngirakamaro ku gusigura kuja kwarapanzwe, kwarategekanijwe, canke nimba ukeneye gusaba ururimi rudasanzwe rumenyerewe.